

MENDIANG ibu mertuaku bertahun silam pernah berpesan kepadaku. Jika wanita yang menggendong anak itu datang ke rumah untuk meminjam uang, jangan pernah dberi. Ia tidak bisa dipercaya. Uang koperasi dan tabungan siswa di sekolahnya habis ia selewengkan. Tak ada perubahan pada kelakuannya, ia dikeluarkan dari sekolah. Untung statusnya baru guru honorer.

Tetanggaku mantan kepala sekolah masih menaruh iba sehingga ia diberinya pekerjaan menjadi asisten rumah tangga, mengerjakan aktivitas bersih-bersih dan beres-beres. Ia masih bisa membantu suaminya yang bekerja serabutan.

Wanita itu seringkali datang ke rumah mencariku. Ia sering meminta daun pandan yang ditanam bapak mertua di halaman rumah, atau meminta lidah buaya yang besar-besar dengan daging penuh. Suatu ketika, ketika ikan-ikan di kolam belakang rumah terancam mati pada kemarau panjang, wanita itu diminta Bapak datang untuk ikut mengambil ikan-ikan yang menggelepar. Aku merasa aman karena apa yang disampaikan ibu mertuaku belum pernah kualami. Aku menyangka, dia telah berubah. Beberapa kali aku juga datang ke rumahnya untuk membesuk suaminya atau saat ia mengalami kecelakaan motor tunggal. Ia ceritakan segala yang menyimpannya dengan wajar.

Namun aku terkejut ketika suatu pagi saat aku bersiap berangkat kerja, ia datang mencariku. Tergesa aku meladeni keluh kesahnya. Ia butuh uang seratus ribu untuk membayar uang ujian anak sulung. Anak yang dulu digendongnya kini telah duduk di bangku sekolah menengah pertama, sementara kakaknya, si sulung, menjelma gadis tinggi semampai yang menempuh pendidikan guru. Aku diburu waktu, teringat angkot yang seringkali lama kutunggu. Aku harus berangkat kerja segera.

Sambil berdiri, karena aku ingin segera keluar rumah jadi tak sempat mempersilakan duduk, ia katakan uang itu akan dikembalikannya pekan depan. Suaminya gajian setiap Sabtu. Murni karena ingin menolong. Aku berikan selebar uang seratus ribu.

Tidak lama setelah itu, ia kembali mencariku. Pagi hari juga. “Maaf, bulan lalu saja aku pinjam belum mengembalikan. Sekarang aku mau pinjam lagi. Dua ratus ribu saja, Mbak

Yuni. Aku lunasi bulan depan. Sari mau berangkat ke kos kok tak punya sengu.” Ia berberkan keluh kesahnya lagi.

Apakah ia sengaja datang pagi ketika aku memiliki waktu yang sempit sehingga tidak memberiku kesempatan berpikir panjang? Suamiku baru saja gajian. Aku berikan uang itu. Kupikir yang dikatakan Ibu bertahun silam sudah tidak relevan lagi, baru sekarang terjadi. Ini sudah kedua kalinya ia pinjam.

“Meminjami ia uang berarti siap tidak kembali,” ujar suamiku.

“Memang aku sudah siap. Dua kali ini pinjam akan aku lupakan. Anggap saja membantu kalau tak kembali. Tunggu kalau utang itu benar tak ditutup, dia balik lagi tak akan aku meminjami. Mental seperti itu tak boleh dibiarkan,” sahutku.

Wanita yang Selalu Ingkar

Cerpen:
Sayekti Ardiyani



Orang-orang seperti dia sepertinya memang urat malunya telah putus. Bertemu di acara-acara kampung atau berpapasan di jalan denganku, tak pernah ia menyinggung soal utang yang ingkar ia bayar. Tak ada rasa sungkan dengan sekadar basa-basi minta maaf misalnya. Tak apa, lagipula aku sudah bertekad melupakan.

Namun, ia kembali lagi pada suatu siang di hari libur. Aku mempersilakannya duduk. Ia leluasa bicara sementara aku mendengarnya tanpa tergesa. Ia mengutarakan keropotan-nya menyekolahkan anak gadisnya.

“Aku tidak pernah lupa utang yang dulu belum lunas. Aku tak punya rasa malu, ya. Tapi sekali ini aku butuh pinjam lagi. Dua ratus ribu saja. Anak sulung akan ujian akhir,

sudah itu kuliahnya selesai. Akan aku kembalikan jika Sari sudah lulus,” pintanya seperti yang sudah-sudah. Ia mengiba dengan segala kesulitan yang membelit. Sementara ia bicara aku teringat dua lembar berwarna merah yang belum keluar dari amplop gajiku bulan ini.

“Maaf, aku pun baru membayar uang SPP dua anakku. Aku tak punya simpanan,” ujarku tegas dengan alasan masuk akal sebab memang baru awal bulan. Uang bulanan anakku memang baru kulunasi. Keduanya belajar di sekolah swasta.

“Aku benar-benar tak punya uang sementara Sari tinggal ujian akhir. Biayanya ternyata besar. Bagaimana Sari harus ujian kalau uang taka ada?” desaknya lagi.

Uang di dalam amplop itu berkelebatan di angan. Ingin aku sambut segala beban yang dikeluhkannya karena ia memang bukan keluarga berada. Rasa kemanusiaan dalam nuraniku ingin mengabulkan pintanya. Di benakku timbul pertanyaan, bagaimana ia akan keluar dari kesulitan?

Alah, masih ada jalan keluar baginya kalau aku tak meminjami. Biar ia meminjam pada orang lain. Tetanggaku depan rumah pernah bercerita jika minggu lalu ia baru saja meminjam uang namun tak ada pinjaman untuknya. Rupanya, ia tak hanya datang ke rumahku. Siapa yang tahu kalau ia hanya mengadada di depan para tetangga? Sudahlah. Aku tak mau lagi menambah lubang dengan beban utang yang tak pernah ia lunasi. Aku sudah bertekad. Aku tegaskan lagi alasanku tak bisa membantunya. Ia berlalu dari rumah.

Tak lama berselang, ada seruan yang mencariku. Oh, rupanya tetangga yang biasa mengantar gas. Selembar uang merah dari dalam amplop pecah menjadi beberapa lembar.

Malam harinya, lagi-lagi ada bunyi ketukan pintu. Seorang tetangga datang mencari suamiku. Ia menarik iuran yang cukup besar untuk biaya pengajian akbar di masjid dusun. Aku kembali meloloskan selemba uang merah dari amplop. Sudah, kali ini aku tak punya lagi simpanan uang berwarna merah yang tadi menggoda untuk kupinjamkan kepada tetanggaku. □d

*) *Sayekti Ardiyani, alumnus FIB UGM yang menjadi guru Sekolah Dasar di Kabupaten Magelang. Tulisannya pernah dimuat di Kedaulatan Rakyat dan media lokal lain serta media online.*

MEKAR SARI

MANGSA ketiga taun iki kalebu dawa. Nganti tekan wulan Oktober durung ana grimis siji-sijiya. Mung mendhung wayah surup lan parak esuk sing tansah ngendhanu, nanging ora dadi udan. Lemah bengkah, bledug mangampak, sawah garing, tanem tuwuh kapenthang tela. Pari sing wis kebacut ditandur wurung panen marga ora oleh nutrisi, wekasan garing. Banyu tлага angok, belik wis ora bisa dijagakake pinangka papan ngangsu kanggo ngisi padasan lan genthong.

Mak Wuri ora mentala nyawang tandurane warga dhukuh Blimbing sing wis garing kemringking. Ora wurung mesthi dheweke sing kudu dadi paran utang para warga sing kendhile wis njomplang. Kamangka utang sing wingi ya durung disaur, mung njagakake panen pari mangsa iki. Lha yen wurung panen ngene iki, njur piye anggone arep nagih?

Saplok dadi juragan beras, Mak Wuri durung nate nemoni ketiga dawa ngene iki. Mesin gilesan gabah saben dina tansah ngerung, ora nate sepi wong padha nggilesake gabah. Akeh uga warga sing ngedol gabah neng lum-bunge nganti mundhung ngemperi gunung. Lha iki wis wayahe panen durung ana wong mepe gabah neng plataran utawa ing pinggiring dalan aspalan. Tukang giles gabah wis dilereni wiwit telung sasi kepungkur.

“Lha pripuh ta, Bu. Tiyang nembe ken nglampahi prihatos. Nggih mugu-Gusti Allah enggal paring jawab,” ngono ature Margono marang Mak Wuri nalika nembung utang beras limang kilo kanggo seminggu candhake.

“Ya wis, takutangi. Nanging ng-giles dhewe kana, mesisan kanggo kirim neng tokone Yu Darpen. Mengko kowe sing ngeterke mrana.” “Nggih maturnuwun, Bu.”

“Iki wis takcathet. Utangmu wis genep rong kwintal, ya. Gandheng nembungmu utang ya takutangi, nek nembungmu njaluk ya tak wene-

hi sarilaku.”

“Kasinggihan, Bu. Make lare nggih pun gadhah cathetan.”

Mesin sida nggerung. Margono ngangkat karung goni saka tumpukan gabah banjur disuntak ing corong mesin giles.

Bengi candhake Dhukuh Blimbing katon regeng. Wong-wong tuwa lanang wadon padha nglumpuk neng lapangan cerak plataran langgar saperlu salat *Istisqa*. Patang dina sadurunge Kiai Tartib ngajak para warga pasa sunah lan sregep anggone salat lan tirakat, nyingkur saka pakarti ala lan *zalm*. Saweneh warga ana sing nggawa raja kaya lan iwen. Raja kaya dicancang ing pok

Saguh Ora Tuwuh



glugu lan saweneh wit-witan, dene iwen didekek ing kurungan.

Ora ketinggalan, Mak Wuri kabiyantu Margono lan bojone mangsak gedhen. Beras anggone nggiles mau esuk dimangsak kabeh. Surti, bojone Margono ibut gawe sambel, nggoreng tempe lan mi kanggo lawuh. Sanajan mung prasaja pranyata yen dipangan bareng ya enak rasane. Sega telung dangan entek marga ana sing padha mbrekat digawa mulih kanggo anak-anake sing ora melu nglumpuk.

Rampung anggone padha salat, diterusake rembug babagan sumbangan banyu sing bakal teka ing Dhukuh Blimbing. Ana pawongan sing saguh ngirim truk tangki maewu-ewu liter banyu kanggo konsumsi lan mangsak. Malah pawon-

gan mau saguh gawe sumur bur ing tengah-tengahing dhukuh. Pepun-toning rembug, para warga saguh mbiyantu tenaga.

Nanging kanggone Mak Wuri kasaguhan mau durung bisa dipercaya. Sebab, asal-usul pawongan mau durung genah. Dudu saka ewone wong saka Kalurahan Giripanggung, apameneh saka Dhukuh Blimbing.

“Miturut pemanggih kula, tiyang menika dereng saged dipunpitados, Pak Dhukuh,” ature Mak Wuri marang Kiai Tartib, uga Pak Dhukuh. “Awit dereng kantenan asal-usulipun, ugi mengku kajeng manapa?”

“Leres, Bu. Kita prelu prayitna lan ngati-ati. Ampun ngantos kaliput ing apus krama tiyang ingkang dereng genah dhangkanipun. Tundhonipun namung badhe damel dredah.”

Esuk umun-umun, Kiai Tartib njenggirat. Bali saka salat subuh ing langgar, dheweke kaget dupi mirsa sesawangan kang ora lumrah dumadi ing Dhukuh Blimbing. Ing sangareping langgar lan sauruting dalan tine-mu gendra kang kumblebet katiyuping angin esuk. Ora ngemungake gendra, ana uga gambar pawongan sing pamer esem karo sedhakep ngatonake wajane sing pancen rata, esem ngujiwat, ben diarani karismatik pamrihe oleh kawigaten lan simpati masarakat. Para warga gumun, kapan anggone masang gambar kuwi? Ing ngarep bale dhukuh kapasang *backdrop* *tinulisan*, ‘*Bantuan air bersih untuk warga Dhukuh Blimbing*’. Nanging nganti sore ora ana siwیره truk kirim banyu.

Saguh ora tuwuh, bakul ora jebul. Bengine Mak Wuri utusan sopir karo Margono ngangsu banyu ing sumber Jonge tlatah Semanu, mesisan blanja piranti ngebur banyu sumur. Sabanjure warga cancut taliwanda, gawe sumur kanthi piranti prasaja. Mesin giles gabah diowah dadi pompa banyu. □d

Mersi, Oktober 2023.

Geguritan

Sari Sri Astuti

NGUNTAPAKE MENDHUNG SORE

nguntapake lakune mendhung sore
saka kulon ngetan parane
apa bisa dakanti tumurune udan
sumawur ing mangsa ketiga ngerak
apa bisa daksawang gebyare thathit
apa bisa dakrungu swarane bledheg sigar

rasa nggrantes nabet jroning ati
krungu sambate bumi
kegawa rasa ngorong kang mbangeti

yen aku ketungkul nguntapake lakune
mendhung sore
tulung aja mbok-saruwe
sapa ngerti banyu langit banjur sumawur
mbarengi tekane surup
sing saiki wis angup-angup

Trenggalek, Agustus 2023

NEPUSI LAKU

senadyan diwilanga makaping-kaping
senadyan mbudidaya dieling-eling
nglengkara bisa ketemu
pira lawase anggonmu nepusi laku
mecaki dawane lurung
antarane bulak lan pereng gunung

jumangkah!
terusna wae anggonmu jumangkah
senadyan krasa sayah
senadyan sikil tatu mblewah
gondhelan tekad ngener keblat
ngindhari wewayangan ireng sing tansah nyegat

nepusi laku antarane awan lan wengi
ngumandhang kidung puja-puji
ngluhurake kang maha suci

Trenggalek, Agustus 2023

MENGA LAN MINEP

lawang kang minep
ora ateges tinutup rapet
lamun sliramu duwe kuncine
lawang minep bisa diwengakake

lawang kang menga
durung mesthi saguh nampa
tekane sanak-kadang saka paran
sing nasibe kedharang-dharang
lan butuh pitulungan

sejatine lawang iku dalan
sejatine dalan kanggo liwat
sejatine liwat iku laku
sejatine laku pambudidaya nggayuh rahayu
rinengkuh ing tresna-Mu

Trenggalek, Agustus 2023

DADI BAL

kaya ngene rasane
nalika aku dadi bal
disadhuk lan ditimpal
ditendhang sakayange
mlesat mrana mencelat mrene

sakujur awak lara kabeh
otot kaya pedhot
balung krasa pepes
paribasan luwak mangan tales
kaningaya awak yen lagi apes

aku kang pinesthi dadi bal
bunder-ngleker wujudku
disadhuk lan ditimpal
apa kowe ora krungu sambatku

bal bal bal
disadhuk lan ditimpal
bal bal bal
sapa gelem dadi gedibal?

Trenggalek, Agustus 2023

Oase

Faris Al Faisal

BURUNG CINTA

Saya kira kita pun adalah burung cinta
Hinggap di ranting-ranting senja
Rekah bagai payung yang terbuka

Kita pun memilih warna daun
Lembar-lembar nya dipintal jadi sarang
Dan harum bunga mengaromai malam

Rembulan biru di langit
Berderai mencair dalam batang lilin
Membakar gairah perburuan

Butir-butir keringat di dahi
Melimpah mengukir lengkung senyum
Ada kegembiraan dari setiap siul

Indramayu, 2019

TENGGELOM DALAM MEGA

Tenggelam dalam mega
Tatapan terhalang awan
Menempuh ketinggian langit
Sebuah pesawat berjalan merayap
Angin liar menggetar sayap
Kami memeluk doa dengan tangan-tangan
Menengadahkan segala rendah
Segala hidup hampir redup
Tampak surup

Di mana cahaya keselamatan itu?
Kami ingin mendarat di sana
Menemukan sebuah pulau hijau
Lalu kota-kota tampak dengan lampunya
Mata pun penuh dengan harapan
Dan seseorang yang begitu manis menegur
Pesawat telah mendarat
Saya pun mendapatkan senyum hari itu

Indramayu, 2019

SEBUAH KENANGAN

Sebuah kenangan bergetar
Keliar bagai riak di permukaan air
Saya melihatnya sampai ke dasar

Ada lumpur dan batu hitam
Reruntuhan ranting dan akar busuk
Seakan semuanya adalah kelim

Mata pun menatap langit
Mengharap tak ada lagi hujan air mata
Namun di lubuk itu tersisa rindu

Indramayu, 2019

*) *Faris Al Faisal, penyair. Ketua Komite Sastra Dewan Kesenian Indramayu dan Ketua Lembaga Basa lan Sastra Dermayu.*